# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–07 दिसम्बर 2024 — भोजपुरी समाचार

तेरह दिसंबर के प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के प्रयागराज अइले के लेके मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु प्रयागराज पहुंच के महाकुंभ दुइ हजार पच्चीस अउर प्रधानमंत्री के हाथ लोकार्पित होखे वाली परियोजना क समीक्षा कइले। सर्किट हाउस में भइल समीक्षा बइठकी में मुख्यमंत्री अधिकरियन के निरदेसित कइले कि प्रधानमंत्री के कार्यक्रम में कउनहू स्तर पर चूक नाही होखे के चाही, सथही महाकुभ से जुड़ल सज्जो तैयारी पहिले से  तय समय सीमा में होखे के चाही। मुख्यमंत्री प्रयागराज के पुलिस परेड ग्राउंड में पुलिसकर्मियनो के संबोधित कइलें। उहां के कहली कि महाकुंभ में चालीस करोड़ सरधालुअन के अइले क आगम हवे, अउर उनकरे सुरक्षा क जिम्मेवारी आपसब के समरपण भाव से उठावे के हवे।

**********

केन्द्रीय नागरिक उड्डयन मंत्री राम मोहन नायडू आजु प्रयागराज हवाई अड्डा के दौरा कइ के नया टर्मिनल भवन के निर्माण कार्यन क समीक्षा कइलें। येह दौरान उहां के अधिकरियन के निर्देस दिहलीं कि प्रयागराज महाकुंभ दुइ हजार पच्चीस के देखत नया टर्मिनल भवन के एकतीस दिसंबर ले चालू कइ दिहल जाए। केन्द्रीय मंत्री बतवले कि दुइ फेरा क कार पूरा हो चुकल हवे, जेहमे प्रयागराज एयरपोर्ट पर जहाजन के पार्किंग क सुविधा के चार से बढ़ा के पनरह कइ दिहल गइल हवे, सथहीं टर्मिनल भवन क यात्री क्षमतों तीन सौ पचास से बढ़ा के आठ सौ पचास हो गइल हवे।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें हवें कि देस सुरक्षित हौ त धरमो सुरक्षित हवे। येह नाते हमार सज्जों कार मनई, मत अउर मजहब के दायरा से उप्पर उठ के देस के नाव होखे के चाही। मुख्यमंत्री आजु बनारस में स्वर्वेद महामंदिर धाम में आयोजित विहंगम योग संत समाज के स्थापना के सताब्दी समारोह के संबोधित करत रहलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि जब्बे योग क चर्चा होई, भारत के ऋषियन के प्रति सरधा क भाव दुनिया के नागरिकन के मन मे जुड़ी।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु बनारस के पिंडरा में मुख्यमंत्री सामूहिक विवाह योजना के तहत संपन्न करावल गइल चार सौ एक जोड़न के बियाह समारोह में सामिल होके नव युगल के आसीर्वाद दिहले। येह मौका पर उहां के कहलीं कि देहज के कुरीतियन अउर आडंबर से दूर ई सामूहिक बियाह समूचा समाज बदे सकारात्मक सनेसा हवे। मुख्यमंत्री कहलें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के परिकल्पना के हिसाबि से बिना दहेज के अउर बिना आडंबर के बियाह के आजु उत्तर प्रदेस में बखूबी जमीन पर उतारल जा रहल हौ। संबोधन के बादे मुख्यमंत्री नव विवाहित जोड़न पर फूल बरसवलें अउर नव विवाहित जोड़न के गृहस्थी के सामानों भेंटि के तौर पर दिहलें। ई समारोह में सामिल भइले से पहिले मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ नेसनल इंटर कॉलेज पिंडरा, बनारस में समाजसेवी विभूति नारायण सिंह के मूरती के अनावरण भी कइलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ नौ दिसंबर के गोरखपुर में आयोजित एगो कार्यक्रम में सत्तर बरिस से बेसी उमिरि के नागरिकन के आयुष्मान वय वंदन कार्ड बटिहें। पांच लाख रूपिया ले क मुफ्त इलाज सुविधा देवे वाली येह योजना में सत्तर सालि से बेसी उमिरि के लोगिन के आय सीमा से बहरे रक्खल गइल हौ। गोरखपुर क मुख्य चिकित्साधिकारी आशुतोष कुमार दूबे बतउले कि जिला में अबले आठ हजार तीन सौ पच्चीस बुजुरूग लोगिन क आयुष्मान वय वंदन कार्ड बनावल जा चुकल हवे।

**********

केन्द्र सरकार प्रदेस के महराजगंज में केन्द्रीय विद्यालय खोलले क फइसला लिहले हवे। येह बारे में काल्हि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अध्यक्षता में भइल कैबिनेट के बइठकी में देसभर खातिर जवन पचासी नया केन्द्रीय विद्यालयन के स्थापना के प्रस्ताव के हरियर झंडी दिहल गइल, ओहमे महराजगंजो सामिल हौ। ई केन्द्रीय विद्यालय पीएम श्री स्कूल के रूप में कार करी।

**********

देसभर में आजु ससस्त्र सेना झंडा दिवस मनावल जा रहल हवे। एकर सुरूआत सात दिसंबर ओन्नइस सौ ओनचास से भइल रहल। ससस्त्र सेना झंडा दिवस के मौका पर रक्षामंत्री राजनाथ सिंह भारतीय ससस्त्र बलन के साहस, बीरता, धैर्य अउर बलिदान के नमन करत कहलें कि ई भारतीय ससस्त्र बल के साहस अउर योगदान के याद कइले क दिन हवे। ससस्त्र सेना झंडा दिवस पर आजु प्रदेस के कई गो जिलन में अधिकरियन के झंडा दिवस क स्टीकर लगावल गइल। गोरखपुर में जिला सैनिक कल्याण आ पुनर्वास अधिकारी सेवानिवृत्त कर्नल अनिल कुमार सिंह, जिलाधिकारी कृष्णा करूणेश के स्टीकर लगाके ससस्त्र सेना झंडा दिवस अभियान क सुरूआत कइलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ गोरखपुर जिला में बीतल राति भइल सड़कि हादसा पर दुख जतावत मृतक के परिजनन के प्रति संवेदना जतवले हवे। उहां के घायलन क बढ़िया इलाज बदे अधिकरियन के निरदेस दिहले हवे। जिला में काल्हि देर रात कैंट थाना इलाका के मोहद्दीपुर बिजुलीघर के सामने दुइ गो मोटरसाईकिल के टक्कर में दुन्नो मोटरसाईकिल पर सवार पांच जने क मउति हो गइले रहे, आ दुइ जने अउरियो घाही हो गइले।

**********